



KÈK TI ENFÒMASYON:

Fason pou Konprann Kijan pou Chwazi yon Plan Sante

Kèk ti konsèy ki nan fèy enfòmasyon sa a pral ede ou chwazi yon plan sante ki baze sou faktè ki enpòtan pou ou.

Men 6 bagay pou reflechi sou yo lè w ap chwazi yon plan sante:

1 Prim asirans yo

Se peman ou fè chak mwa ba plan sante a, apre ou resevwa nenpòt èd finansye ou kalifye pou jwenn nan Marketplace. Ou ka fè peman sa a chak mwa, kit ou resevwa swen medikal kit ou pa resevwa. Anjeneral, tank prim nan pi wo, mwens w ap peye avèk lajan pòch ou lè ou resevwa sèvis yo.

2 Depans avèk lajan pòch

Depans sa yo se depans ou fè si ou resevwa swen medikal. Bagay tankou:

- **Franchiz** – ou peye anvan. Sa a se kantite lajan ou peye anvan plan sante ou kòmanse peye pou sèvis yo. Kèk plan pa gen franchiz.
- **Kopeman** – ou peye yon kantite lajan fiks pou chak vizit ou fè nan klinik doktè, pou medikaman oswa pou lòt sèvis, epi plan an peye rès la.
- **Ko-asirans** – ou peye yon pousantaj depans lan, epi plan sante a peye rès la. Se pa tout plan sante ki gen ko-asirans.
- **Depans maksimòm avèk lajan pòch ou** – pi gwo kantite lajan pou peye nan yon ane – enpòtan anpil! Tout plan sante Marketplace gen yon depans maksimòm avèk lajan pòch.

3 4 Nivo Metal yo

Yo òganize plan yo an 4 nivo metal diferan. Nivo metal sa yo ba ou yon lide sou sa w ap gen pou peye.

Nivo Metal	Prim	Depans avèk Lajan Pòch
Plan Platin:	Pi wo a	Pi ba a
Plan Lò:	Pi wo	Pi ba
*Plan Ajan:	Modere	Modere
Plan Bwonz:	Pi ba a	Pi wo a

*Pou kèk moun, selon revni yo, nivo Ajan ka pi bon chwa pou yo pake gen èd finansye ki disponib pou diminye depans komplementè yo.



Sou entènèt nan sitwèb
nystateofhealth.ny.gov



Pa telefòn nan nimewo
1-855-355-5777

TTY

1-800-662-1220

4 Sèvis ki Garanti yo

Reflechi sou si ou vle sèvis siplemantè. “Plan estanda” yo garanti 10 menm sèvis yo epi depans avèk lajan pòch ou se menm. Diferans ant “plan estanda” anpil konpayi diferan yo ofri se rezo pwofesyonèl swen sante, fòmilè medikaman ak prim. Pafwa “plan ki pa estanda” yo garanti sèvis siplemantè tankou swen dan ak swen zye pou adilt yo.

5 Doktè ki nan rezo a

Chak plan sante gen kontra avèk sèten doktè ak lopital. Li kapab chè pou ou pou pran sèvis doktè ak lopital ki pa nan rezo a. Tcheke pou wè si doktè ou yo nan rezo a.

6 Fòmilè Medikaman

Tcheke fòmilè medikaman plan sante a, oswa lis medikaman ki garanti yo, pou wè si medikaman ou pran yo garanti, epitou pou wè konbyen lajan w ap peye chak fwa ou resevwa yon medikaman sou preskripsyon.

Chwazi yon plan sante anvan 15yèm jou mwa a pou pwoteksyon k ap kòmanse lye jou mwa apre a. Sonje, pifò moun dwe enskri pandan peryòd enskripsyon lib chak ane a.



Sou entènèt nan sitwèb
nystateofhealth.ny.gov



Pa telefòn nan nimewo
1-855-355-5777

TTY
1-800-662-1220